ToTAL
Tout Timoun Ap Li

M ap li nèt ale

Kaye Egzèsis Kreyòl

Tòm 1

Twazyèm ane

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

Ministère de l'Education Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon, konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de créole, USAID/ RTI/ ToTAL

Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Jovany VINCENT, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Darline ALEXIS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)

Josette GABOTON, Consultante, DEF/ EPT-BM (Correction)

Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL (Relecture)

Nathalie LEMAINE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marie Rodny Laurent ESTÉUS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)

Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

Loretta GARDEN, USAID

Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID

Josiane H. BARNES, USAID

Nathalie RICOT, USAID

Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL

Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/ ToTAL

Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL

Laurette CUPIDON, Coordonnatrice du Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL

Emmanuel FILIPPI, Coordonnateur du bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL

Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP

Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/ MENFP

Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP

Chantal ROQUES, Coordonnatrice PDCL

Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de formation PDCL

Dieudonne JOSEPH

Jean Daniel CLEDOR

Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Leson 1	2
Leson 2	4
Leson 3	6
Leson 4	8
Leson 5	10
Leson 6	12
Leson 7	14
Leson 8	16
Leson 9	18
Leson 10	20
Leson 11	22
Leson 12	24
Leson 13	26
Leson 14	28
Leson 15	30
Leson 16	32
Leson 17	34
Leson 18	36
Leson 19	38
Leson 20	40
Leson 21	42
Leson 22	44
Leson 23	46
Leson 24	48
Leson 25	50
Leson 26	52
Leson 27	54
Leson 28	56
Leson 29	58
Leson 30	60
Leson 31	62
Leson 32	64
Leson 33	66
Leson 34	68
Leson 35	70
Leson 36	72
Leson 37	74
Leson 38	76
Leson 39	78
Leson 40	80
Leson 41	82
Leson 42	84
Leson 43	86
Leson 44	88
Leson 45	90
Leson 46 Evalyason	92
Leson 47 Evalyason	94
Leson 48 Evalyason	96
Leson 49 Evalyason	99
Leson 50 Evalyason	101

Leson 1

1. Separe chak mo an silab. Ekri chak silab nan yon kaz.

Egzanp : kabann → Ka bann

a. vyann → _____

b. zanmann → _____ _____

c. bannann → _____ _____

2a. Li chak fraz. Aprè sa, pase yon trè anba mo ki ta dwe kòmanse ak lèt majiskil.

- tout timoun pral lekòl.
- paran m achte inifòm pou mwen.
- lekòl la gen yon teren foutbòl.

2b. Kounye a, ekri fraz anwo yo sou liy kaye a. Mete lèt majiskil nan mo ki ta dwe ekri ak yon lèt majiskil.

3. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

inifòm gwòt liv tounen sak

Mirèy te al vizite yon _____ pandan vakans la.

Emanyèl soti ak manman li. Yo _____ lakay nan aprèmidi.

4. Li kesyon yo epi reponn yo.

Ki bò ou te pase vakans ou ?	Ki sa ou te fè pandan vakans la ?	Ki sa ou te pi renmen nan vakans la ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Kopye lèt yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

a A l L i I

Leson 2

1. Li tèks la. Aprè sa, sèke tout silab ki gen konbinezon lèt « *ch* ».

Chavnè ap viv Manich. Samdi li al nan mache. Li achte chadèk ak kachiman.

2a. Li chak fraz. Aprè sa, pase yon trè anba mo ki ta dwe kòmanse ak lèt majiskil.

- mèt jan korije kaye elèv yo.
- zanmi klodya yo ap jwe marèl.
- toni ak elèn ale nan bibliyotèk la.

2b. Kounye a, ekri fraz anwo yo sou liy kaye a. Mete lèt majiskil nan mo ki ta dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

3. Li mo yo. Aprè sa, ekri nan kaz la tout sa moun ka konte.

plim sab kreyon kaye dlo chèz

plim

4. Ekri enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou te li a.

Tit tèks la : Vakans pral fini

Pèsonaj yo	Ki kote yo ye ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki sa k pase ?	Ki sa yo fè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Rakonte sa w konn fè anvan lekòl louvri. (*Itilize tèks nou te li a kòm modèl.*)

Leson 3

1. Marye silab yo pou fòme mo ou konnen. Aprè sa, ekri mo yo.

pre	to	**re**		**prepare**
an	**pa**	mo	bil	
o	ni	ra	je	
i	kou	fòm		

2a. Li fraz yo. Aprè sa, pase yon trè anba mo ki ta dwe kòmanse ak lèt majiskil.

- ti frè jizèl la lekòl kafou.
- papa riche abite akayè.
- pwofesè edna se moun okay.

2b. Kounye a, ekri fraz anwo yo sou liy kaye a. Mete lèt majiskil nan mo ki ta dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

3. Li chak definisyon. Aprè sa, ekri lèt ki manke yo pou fòme mo ki mache ak chak definisyon.

Kote yon gwoup reyini pou detann yo pandan plizyè jou.

[ ] [a] [ ]

Byen bonè avan solèy leve

[ ] [ ] [ ] [ ] [ ] [ ] [j] [o] [u]

Gwo twou ki fèt nan yon wòch. Moun ka antre ladann l.

[ ] [w] [ ] [ ]

4. Premye jou lekòl la, ou rankontre zanmi w yo sou lakou a. Rakonte sa ou te di yo ak sa yo te di ou.

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

p e m pale mele pile

Leson 4

1. Mete silab yo nan lòd pou fòme mo.

Egzanp : chi | man | ka = *kachiman*

a. zen | re _____

b. lan | ba | se _____

c. nen | bo | bi _____

d. ka | me | man | di _____

2a. Li fraz yo. Aprè sa, pase yon trè anba mo ki ta dwe kòmanse ak lèt majiskil.

- se nan magazen bèltwal manman ani achte inifòm.
- nan òganizasyon espwa, se jak ki direktè.
- chak samdi maten, polinis al li nan bibliyotèk kominal kenskòf la.

2b. Kounye a, ekri fraz anwo yo sou liy kaye a. Mete lèt majiskil nan mo ki ta dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

3. Fè de fraz ak mo mèt. Pou chak fraz, mo mèt la dwe gen yon sans diferan.

1. mèt : _____

2. mèt : _____

4. Ekri enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou te li a.

Tit tèks la : Premye jou lekòl

Pèsonaj yo

_____

_____

_____

Ki kote yo ye ?

_____

_____

_____

Ki sa k pase ?

_____

_____

_____

Ki sa yo fè ?

_____

_____

_____

Kòman sa fini ?

_____

_____

_____

5. Rakonte sa w konn fè anvan lekòl louvri. (*Itilize tèks nou te li a kòm modèl.*)

Leson 5

1. Itilize silab yo pou fòme mo.

gon moun fle kre gran yon

2. Konplete tèks la ak mo pa ou. Mete lèt majiskil kote ki nesesè.

_____ gen nevan. Li rete _____. Lekòl li a rele

_____. Li nan twazyèm ane.

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

fredone konesans eksite inifòm

4. Ou pral ekri yon pwezi sou premye jou lekòl la. Toudabò, ekri nan kaz la kèk mo ou ta renmen mete nan pwezi ou *a*.

Mo pou pwezi *a*

_____

_____

_____

_____

5. Ekri pwezi *a*. Itilize mo ki nan kaz la. (*Itilize pwezi ou te li a kòm modèl.*)

Leson 6

1. Nan chak mo, sèke silab ki gen lèt « *m* » ladan l.

lanmè kòmanse lafanmi almanak mozayik siklòn

2. Nan chak fraz, mete vigil yo kote nou dwe mete yo. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Timoun yo manje pate bonbon sirèt ak piwouli.
- Janèt renmen li bann desinen pwezi istwa.
- Sak Manno a gen plim kreyon liv.

3. Ekri lèt V (vre) ou PV (pa vre) bò kote chak repons.

_____ Lè yon moun ap fè ji, li fè vapè.

_____ Chalè solèy la chofe dlo lanmè a, li fè vapè.

_____ Lè yon moun ap mache, pye li fè vapè.

_____ Vapè se yon moun k ap chante tou ba.

_____ Lè yon dlo ap bouyi, li fè vapè.

_____ Vapè se gout dlo ki monte sou fòm chalè.

4. Daprè tèks ou te li *a*, fè yon desen ki reprezante *sik dlo*.

5. Kopye lèt yo *a*k mo *sa* yo. Fè yo menm jan *a*k modèl l*a*.

n N t T o O

tant Toni anpil

Leson 7

1. Chwazi youn nan silab yo pou fòme mo.

ni ne nòm no nouy nit nè nou

agwo _____ zan _____ mo gre_____

ko_____sans _____ris mi_____

e_____ji komi_____te

2. Nan chak fraz, mete vigil yo kote nou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Janwobè ponpe li danse li fè yon bo pou manman li.
- Ariyis trible li choute li fè yon bèl gòl.
- Lapli tonbe li wouze plant li kenbe tè a fre.

3. Sèke lèt ki mache ak bon repons la.

Agwonòm se _____

a. Moun ki etidye tout teknik pou konstwi kamyon.

b. Moun ki etidye tout teknik pou fè lapli tonbe.

ch. Moun ki etidye tout teknik pou travay tè ak pran swen plant yo.

Fenomèn se _____

a. Evènman natirèl ki rive nan yon epòk oswa toutan.

b. Ti non jwèt Filomèn.

ch. Eksplikasyon sou sik dlo.

4. Daprè tèks ou te li *a*, ekri tout etap yon sik dlo.



5. Ekri yon tèks sou enpòtans dlo lapli genyen nan zòn kote ou rete *a*.

Leson 8

1. Jwenn de mo ki gen « *in* », de mo ki gen « *ng* ».

in : _____ _____

ng : _____ _____

2. Nan chak fraz, mete vigil yo kote nou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Lè nou rive match la gentan kòmanse.
- Lè Jil fin monte bis la li wè Anèt te kite plas pou li.
- Lè lapli a fin tonbe Evna soti ak paran li.

3. Ekri twa aktivite moun ka fè ak traktè.

4. Daprè tèks ou te li a, ekri twa aksyon moun Gonayiv te fè avan sezon siklòn nan rive.

Aksyon 1 : _____

Aksyon 2 : _____

Aksyon 3 : _____

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

u U s S è E

pèmèt Tousen Tanse

Leson 9

1. Jwenn de mo ki gen « wa » , de mo ki gen « *ui* ».

wa : _____ _____

ui : _____ _____

2. Nan chak fraz, mete vigil yo kote nou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Lapli tonbe van soufle loray gwonde.
- Moun yo fouye kanal yo ramase tè ak fatra.
- Joslin achte yon ti mango li plante li li wouze li

3. Chwazi youn nan mo yo pou konplete tèks la.

traktè ravin eksperyans anviwònman

Nan katye Potmo, gen yon gwo _____. Moun nan zòn nan jete fatra ladan l. Sa ka lakòz zòn nan gen pwoblem _____. Lòt jou yo itilize yon _____ pou netwaye ravin nan. Se te yon bèl _____ !

4. Daprè tèks ou te li a, ekri kèk avantaj ki genyen nan pwoteje pyebwa.



5. Ekri yon tèks pou di pou ki sa moun dwe pwoteje pyebwa yo.

Leson 10

1. Itilize silab yo pou konplete chak mo.

bwa jou pwa gou vwa bou chwa

bon_____ mou_____ _____vene _____son

pye_____ _____yaj la_____re

2. Nan chak fraz, mete vigil yo kote nou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Lè gen move tan timoun yo jwe anndan kay la.
- Remi Klodya ak Natan chita nan lakou a.
- Sous la te tou piti li gwosi li vin tounen rivyè.

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

souf ateri

4. Nan desen kè *a*, ekri twa mo ou te pi renmen nan pwezi ou te li *a*.



5. Itilize twa mo yo pou ekri yon ti pwezi nan fason pa w.

Leson 11

1. Itilize silab sa yo pou konplete mo ki nan tèks la.

wou wo wòt

_____ ni gen nevan. Li saj. Li pa a _____ gan, ni fa _____ chè.

Li gen yon ti jaden ka _____ nan lakou a. Jaden an gen fòm ka _____.

Chak jou, li _____ ze jaden an.

2. Nan chak fraz, mete pwen kote ou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Mwen rele Abèl Lwisen
- Manman m renmen koulè ble
- Wochni gen de frè ak yon sè

3. Sèke mo oswa gwoup mo ki gen menm sans ak mo ki souliye nan fraz la.

Lisa kouri anpil. Li tèlman bouke. Li kanpe. Li respire.

pran souf manje fredone

Malifini an ap paweze nan syèl la. Aprè sa, li poze bò sous dlo a.

mache vapè ateri

Metye Pyewo ak Wouli se jwe nan pyès teyat. Yo se aktè.

doktè komedyen elektrisyen

4. Èske ou ta renmen vin yon komedyen tankou Théodore Beaubrun ? Si w reponn Wi, pou ki sa ? Si w reponn Non, pou ki sa ?

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

k K r R y Y

Remèsye katye Souri

Leson 12

1. Chwazi youn nan silab yo pou fòme yon mo.

vwa kwen swen kwo swa

_____ se; _____ zinaj; _____ yay;

_____ sanndis; _____ chè;

2. Nan chak fraz, mete pwen eksklamasyon kote ou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Gade yon bèl kay
- Elèv yo pase, weee
- Gad jan li fè fre

3a. Pami mo sa yo, sèke mo ki pa gen rapò ak mo « *teyat* ».

pèsonaj machin sèn komedyen

3b. Fè yon fraz ak mo « *twoup* ».

Twoup : _____

4. Jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak tèks la.

Bon non moun nan se : _____

Di ki kote ak nan ki lane Théodore Beaubrun fèt.

_____

_____

Di non lekòl li te pase yo.

_____

_____

Non atis li

Di yon aktivite li renmen fè.

_____

_____

Di tit 2 pyès teyat li te ekri.

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou di tout sa ou konnen sou Théodore Beaubrun.

Leson 13

1. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) pou rive nan kolòn adwat (B) pou fòme mo ak silab yo.

A	B
1.pwen •	• zi
2. fwo •	• son
3. chwa •	• ti
4. bwa •	

2. Nan chak fraz, mete pwen eksklamasyon kote ou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Gade jan Lik tonbe
- Gade gwosè yon kap
- Gade kòman timoun yo ap li ak kè kontan

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

lise komite

4. Daprè tèks la, Jèlin te konn fè anpil aktivite nan lekòl li a. E ou menm ki aktivite ou ta renmen fè nan lekòl ou a. Rakonte.

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

w W b B ò O

wòb lekòl Bonswa

Leson 14

1a. Jwenn twa mo ki gen silab « *syon* ».

_____ _____ _____

1b. Jwenn twa mo ki gen silab « *yen* ».

_____ _____ _____

2. Nan chak fraz, mete pwen entèwogasyon kote ou dwe mete li. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Ki jwèt ou pi renmen
- Pou ki sa nou dwe li chak jou
- Ki sa ou ta renmen fè pou lekòl ou a

3. Jwenn twa mo oubyen gwoup mo ki gen menm sans ak mo « *ede* ».

Egzanp : kolezepòl

_____ _____ _____

4. Ekri nan kaz anba yo enfòmasyon sou tèt ou.

Non ak siyati ou	Non zòn kote w ap viv la
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Lane ou fèt	De kalite ou genyen	De aktivite ou renmen fè
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ekri yon tèks pou pale de tèt ou.

Leson 15

1. Nan chak mo, ekri silab ki manke yo.

tre trin tri tran

pwa_____ _____ble

an_____ne dis_____biye

2. Li tèks la. Aprè sa mete *pwen, pwen eksklamasyon* oubyen *pwen entèwogasyon* kote ki nesesè.

Mwen rele Yamile Monpwen Samdi pase mwen te li yon liv sou lavi Tousen Louvèti Eskè ou konnen ki moun Tousen ye Se te yon nèg vanyan Li te batay pou endepandans peyi dAyiti Gade jan li te entèlijan Li se zanzèt tout ayisyen.

3. Ekri tout koulè ou konnen lakansyèl genyen.

4. Ekri nan chak kaz enfòmasyon sou zòn kote w ap viv la.

Non zòn kote w ap viv la	Ki sa ou pi renmen nan zòn ou ?
_____	_____
_____	_____
	_____

5. Ekri yon ti pwezi pou di jan ou renmen zòn kote w ap viv la.

Leson 16

1. Ekri twa mo ki gen prefiks « *de* ».

_____ _____ _____

2. Ranje mo yo nan lòd pou fòme yon fraz ki gen sans. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

- Jilbèt Sodo vizite al.
- Bèna benyen rivyè nan ap a.
- Kokoye ap yo Timoun manje.

3. Daprè ou menm, ekri nan chak kaz yon aktivite ki ka lakòz yon moun *fatige*.

4. Li kesyon yo epi reponn yo.

Ki sa Jislèn wè lè li rive Sodo ?

Ki sa Jislèn fè lè li rive Sodo ?

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

v V g G f F

soufri règleman Vaksen

Leson 17

1. Pami mo *sa* yo, gen *youn* nan yo ki *ka* gen prefiks « *i* ». Sèke mo *a*. Aprè *sa*, ekri mo *a* nan *kaz la*.

liv ban telefòn legal inosan

2. Nan chak fraz, pase yon trè pou separe gwoup sijè *a*. Aprè *sa*, pase de trè pou separe gwoup predika *a*.

- Sara ale nan fèt drapo.
- Elèv yo ap fè lago.
- Enòk te vizite Basen Ble.

3. Fè yon fraz ak chak mo *sa* yo.

mache sou

4. Sa fè kèk tan depi ou tounen lekòl. Ekri kèk enfòmasyon sou sa.

Ki jwèt ou pi renmen fè ?

_____

_____

Ki matyè ou pi renmen ?

_____

_____



Non de zanmi ou genyen.

_____

_____

Kòman pwofèse ou a ye ane sa a ?

_____

_____

_____

5. Ekri yon lèt pou voye bay yon zanmi ou. Di li tout sa ki pase depi ou tounen lekòl la. ***(Itilize lèt ou te li a kòm modèl)***

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

_____

Leson 18

1. Pami mo sa yo, gen *de* nan yo ki ka gen prefiks « *mal* ». Sèke mo yo. Aprè sa, ekri yo chak nan yon kaz.

pye gòj dwèt lestomak tèt

2. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup sijè a.

- Reno ap monte kap.
- Jakòt ap etidye leson li.
- Madlin òganize yon fèt.

3. Ranje nan kaz la tout mo oubyen gwoup mo ki gen menm sans ak mo *òganize*.

deranje ranje mete lòd dezòdone klase

4. Daprè tèks ou te li a, ekri tout sa timoun nan katye Bèlè fè pou yo amize yo.

5. Kopye lèt yo ak mo sa yo. Fè yo menm jan ak modèl la.

d D j J z Z

Zaboka jenou Deplase

Leson 19

1. Sèke tout mo ki ka gen prefiks « *re* ».

blag	bondi	dezole	plen	pwoteje	koud
evolye	suiv	neglije	kopye	respire	bwaze

2. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup predika a.

- Valeri achte blad ak riban.
- Jowèl leve bonè jodi a.
- Evlin ap jwe baskètbòl sou plas la.

3a. Ekri tout sa ou ta renmen achte si ou te gen *nèf* goud.

3b. Ekri kèk bagay *nèf* ou ta renmen achte.

4. Ekri kèk anbyans ki genyen nan zòn kote w ap viv la.

Non zòn nan : _____.

Ki kote timoun yo konn al amize yo ?

_____

Twa aktivite timoun konn fè pou yo amize yo.

- _____
- _____
- _____

5. Ekri yon lèt voye bay yon zanmi w ki p ap viv menm kote ak ou. Di li ki sa timoun nan zòn ou an fè pou yo amize yo.

Leson 20

1. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme mo.

A	B
1. re •	• reyèl
2. mal •	• onèt
3. byen •	• pare
4. i •	

2. Ekri de fraz ki gen yon gwoup sijè ak yon gwoup predika. Aprè sa, sèke gwoup sijè a, epi pase yon trè anba gwoup predika a.

3. Itilize mo anba yo pou konplete tèks la.

Douvanjou konkou òganize jwè komite kouri

Nan katye Brevil, jèn yo te fòme yon _____ . Yo t ap _____ yon chanpyona basketbòl. Tout _____ nan zòn nan te kontan. _____ yo leve. Y al _____ sou plas la. Tout moun ta renmen genyen _____ baskètbòl la.

4. Chwazi nan pwezi ou te li *a* de mo ou te pi renmen. Ekri mo sou liy kaye *a*.

5. Ekri yon pwezi ki gen de mo ou te pi renmen yo.

Leson 21

1. Pami mo sa yo, gen de nan yo ki ka gen prefiks « *dis* ». Sèke mo yo. Aprè sa, ekri yo chak nan yon kaz.

deplase poze klase soufle fòme parèt

2a. Nan chak fraz, antoure konjonksyon an.

- Loran ap jwe foutbòl epi Ivòn ap naje nan rivyè a.
- Letan al kouri chak maten epi Joslin renmen jwe baskèt.

2b. Fè yon fraz ki gen konjonksyon *epi* ladan l.

3. Pase trè anba tout bon repons yo.

- Atansyon se aji san pran prekosyon.
- Atansyon gen menm sans ak pwovèb : Evite miyò pase mande padon.
- Atansyon se aji ak prekosyon.
- Atansyon se aji ak pridans.
- Atansyon se aji san konprann.

4. Ekri tout sa ou sonje nan tèks ou te li a.

5. Kopye fraz sa yo. Fè lèt yo menm jan ak modèl la.

Tepitou soutni Elizabèt ak gwo bibit li a. Mis li yo gonfle tèlman l fè espò.

Leson 22

1. Pami prefiks sa yo, gen *twa* ou ka mete devan mo *poze* pou fòme lòt mo. Sèke yo epi ekri yo chak nan yon kaz.

re an vis en i dis



2a. Nan chak fraz, antoure konjonksyon an.

- Jinou ka jwe foutbòl oubyen li ka sote kòd.
- Chak samdi, Samson kouri oubyen li naje.

2b. Fè yon fraz ki gen konjonksyon ***oubyen*** ladan l.

3. Sèke nan tèks la tout fraz ki montre gen yon « *obstak* ».

Yon chofè kamyonèt leve bonè pou l al travay. Sou wout la, li rankontre yon pakèt kabrit k ap travèsè lari. Li kanpe. Kabrit yo fin pase. Li kontinye wout li. Woy ! Gade yon gwo wòch nan mitan lari. Li ralanti nèt pou li ka evite wòch la. Aprè sa, li remake yon gwoup elèv k ap travèse lari a. Li kanpe. Li bay tout pase. Chofè a te rankontre anpil obstak jou sa a.

4. Ekri enfòmasyon sou tèks ou te li a.

Tit tèks la : Monte bisiklèt

Pèsonaj yo	Ki kote yo ye ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki sa k pase ?	Ki sa yo fè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ou ta renmen fini istwa ou te li a yon lòt jan. Ekri ki jan ou t ap fini li.

Leson 23

1. Sèke tout mo ki ka gen sifiks « *e* ».

balans rapid tounen souf vid viv
rasin grip desann vit branch

2a. Nan chak fraz, antoure konjonksyon an.

- Filosi renmen bwè ji papay men li pa renmen ji grenadin.
- Wouso manje legim berejèn men li pa manje legim militon.

2b. Fè yon fraz ki gen konjonksyon *men* ladan l.

3. Ranje chak mo nan kategori pa li.

Egzanp : Kategori **mèb**
Mèb : ***tab, pàntyè, bifèt, pandri.***

berejèn mango mandarin militon kawòt
chou zoranj anana

Fwi : _____

Legim : _____

4. Daprè tèks ou te li a, ekri pou ki sa li enpòtan pou yon moun manje fwi ak legim.

5. Kopye fraz sa yo. Fè lèt yo menm jan ak modèl la.

Gen manje ki devlope mis yo tankou vyann, zè ak lèt. Gen lòt manje ki ede yo rete anfòm tankou anana, zepina, kreson, seriz, papay ak lòt ankò.

Leson 24

1. Ekri *twa* mo ki gen sifiks « *nen* ».

Egzanp : balon*nen*

_____ _____ _____

2a. Nan chak fraz, antoure konjonksyon an.

- Elodi renmen manje fwi, kidonk l ap byen grandi.
- Maso toujou fè espò, kidonk mis li yo djanm.

2b. Fè yon fraz ki gen konjonksyon *kidonk* ladan l.

3. Pase yon trè anba tout sa ki ka grandi.

- Wòch ka grandi.
- Moun ka grandi.
- Soulye ka grandi.
- Pyebwa ka grandi.
- Syèl la ka grandi.
- Zannimo yo ka grandi.

4. Daprè tèks ou te li a, ekri enfòmasyon sou wòl manje nan devlopman mis kò moun.

Sou ki sa tèks la pale ?

_____

_____

_____

Yon kategori manje ki

_____

_____

_____

Egzanp

_____

_____

_____

Yon lòt kategori manje ki

_____

_____

_____

Egzanp

_____

_____

_____

5. Ou ta renmen ankouraje timoun nan katye ou a pou yo manje manje k ap devlope mis yo. Ekri kèk konsèy ou ka ba yo.

Leson 25

1. Ekri prefiks ak sifiks pou fòme lòt mo.

Egzanp *de* boulon *nen*

_____ branch_____ _____ kouraj _____

_____ bouch_____ _____ mèsi _____

2. Itilize konjonksyon yo pou konplete chak fraz. Fraz la dwe gen sans.

kidonk men epi oubyen

- Gen espò ki devlope mis kò moun _____ gen lòt ki devlope entèlijans moun.
- Kloye renmen jwe foutbòl _____ li pa renmen jwe ti ta to.
- Lèswa, Dani tire kont ak zanmi li yo _____ li fè lekti.
- Espò bon pou sante nou, _____ an nou fè espò toutan

3. Ekri tout sa ou panse ki ka pote enèji pou bon fonksyònman kò ou.

4. Ekri de kalite legim ak de kalite fwi ou pi renmen manje.

Legim	Fwi
_____	_____
_____	_____
_____	_____

5. Ekri yon pwezi sou *legim* ak *fwi* ou pi renmen manje yo.

Leson 26

1. Ekri de mo ki gen prefiks « *re* » ak de mo ki gen sifiks « *e* ».

re : _____ _____

e : _____ _____

2. Nan chak fraz, souliye pawòl ki rapòte *a*. Aprè *sa*, ekri fraz la sou liy kaye *a*. Mete pawòl ki rapòte *a* nan mitan gimè yo.

- Mèt la di m ap bay devwa pou demen.
- Direktè a di lakou lekòl la pwòp.
- Manman Natan di Natan Ou dwe fè espò si ou vle mis ou yo djanm.

3. Ekri tout *sa* ou konnen ki ka lakòz « *aksidan* » rive.

4. Èske ou panse Simon gen dwa ekri majistra a pou li mande li bouche tou rego a. Pou ki sa ?

5. Kopye fraz yo.

Mwen rele Jowèl Simon. Mwen gen dizan. Mwen ekri ou pou mwen mete ou okouran de yon pwoblèm ki genyen nan katye mwen.

Leson 27

1. Goblè *a* chaje *ak* silab. Itilize silab yo pou fòme mo ou konnen.



2. Nan chak fraz, souliye pawòl ki rapòte *a*. Aprè *sa*, ekri fraz la sou liy kaye. Mete pawòl ki rapòte *a* nan mitan gimè yo.

- Fawo di mwen fatige anpil jodi *a*.
- Aloud di mwen pral ekri majistra sou pwoblèm dlo ki gen nan katye *a*.
- Majistra *a* di sitwayen yo dwe patisipe nan tout *sa* k ap fèt nan katye *a*.

3. Ekri kèk kote ou konnen yon « *anplwaye* » ka travay.

4. Jwenn enfòmasyon ki nan tèks la.

Moun k ap resevwa lèt la	→	
Non moun ki ekri lèt la	→	
Rezon ki fè li ekri lèt la	→	
Egzanp # 1	→	
Egzanp # 2	→	

5. Gen yon *bagay* ou pa renmen nan lekòl ou a. Ekri yon zanmi w pou di li sa ou pa renmen an. Pou ki sa ?

Leson 28

1. Ekri de mo ki gen prefiks « *mal* » ak de mo ki gen sifiks « *nen* ».

mal : _____ _____

nen : _____ _____

2. Nan tèks la, mete gimè kote ki nesesè.

Fransiyon rankontre doktè Edna sou lakou lekòl la. Li di mwen ta renmen vin doktè menm jan ak ou. Doktè Edna reponn li depi kounye a ou dwe toujou etidye ak fè devwa a. Fransiyon di mwen toujou fè sa. Doktè a di bravo ! Kontinye konsa. Fransiyon kontan.

3. Mete V (vre) oubyen PV (pa vre) bò kote repons yo.

- Enfòme se mete okouran.
- Enfòme se fòme yon ekip foutbòl.
- Enfòme se fòm won, kare ak retang.
- Enfòme se fè konnen yon nouvèl.
- Enfòme se bay enfòmasyon.
- Enfòme se yon moun ki anfòm.

4. Kopye fraz yo.

Toudabò mwen dwe remèsye ou paske ou enfòme lameri sou yon pwoblèm ki genyen nan katye ou. Konsa ou ede nou idantifye pwoblèm nan.

5. Ekri yon tèks pou di *pou ki sa ou dakò* oubyen *pou ki sa ou pa dakò* ak repons lèt majistra a voye bay Simon.

Leson 29

1. Mete yon prefiks oswa yon sifiks pou fòme yon lòt mo.

chifon : _____ fòme : _____

bon : _____ dans : _____

2. Ekri *de* fraz ki gen yon pawòl rapòte. Mete gimè yo.

3. Desine *twa* aksyon ou ta renmen fè k ap nan enterè ou.

4. Ekri sa ou ta renmen majistra nan zòn ou an fè.

Pwòpte		Pyebwa		Bèt nan lari
	↔		↔	

5. Ekri majistra zòn ou an yon lèt pou di li sa ou ta renmen li fè pou katye pa w la.

Leson 30

1. Sèkè nan pwezi *a* tout mo gen silab « *te* ». Souliye tout mo ki gen silab « *ri* ». Fè yon kwa sou tout mo ki gen silab « *tan* ».

Bati kominote mande fratènite.
Nan katye kote lavi fleri
Pwoblèm tout kalite dwe peri.
Lameri yo toujou pare pou sipòte
Men konkou pa nou enpòtan.
Nou tout fè youn, se règleman.
Sitwayen sipoze konsekan pou tout tan.

2. Nan tèks la, mete gimè kote ki nesesè.

Pwofèsè *a* t ap wè yon leson sou mis nan kò moun. Li di yo mis yo jwe yon wòl enpòtan nan fonksyònman kò nou. Aprè kou *a*, Elizabèt di tèt li kounye *a*, non sèlman m ap eseye manje byen men tou m ap fè espò tankou Pepitou.

3. Fè yon flèch sòti nan chak mo pou rive nan definisyon pa li.

1. Kategori •	• Viv tankou frè ak sè
2. Konsekan •	• Moun k ap travay nan yon enstitisyon
3. Anplwaye •	• Larezon, bon jan konprann
4. Enfòme •	• Mete okouran
5. Fratènite •	• Yon gwoup ki menmjan
	• Gwosi epi grandi

4. Ou ta renmen ekri yon pwezi ki rime. Ekri nan chak kaz de mo ki fini menm jan (menm silab).

Egzanp :

fle***ri***
pe***ri***

5. Itilize mo ou te ekri nan kaz yo pou ekri yon pwezi ki rime.

Leson 31

1. Konplete lis la ak sa moun ka manje.

manje : ***zaboka*** ***mayi*** _____ _____ _____

2. Pase yon trè anba non pwòp yo. Aprè sa, sèke non komen yo.

- gason Manno peyi Ayiti
- chantè Soni nasyon Jamayik.

3. Ekri *twa* mo oswa gwoup mo ki gen menm sans ak mo « *lapenn* ».

4a. Daprè tèks la, ekri non pèsonaj ki di chak pawòl sa yo.

_____ Mezanmi, jan zaboka a te gou, plas mwen pa nan panye fatra non !

_____ Jan sitwon fè bon ji ! Non ! plas mwen pa la tou.

4b. Ekri sa ou t ap di si ou te nan plas pèsonaj yo.

5. Kopye fraz yo.

Lan pèdi tan, Lina voye yo nan teren vid la. Oo ! Menm kote a, yon ti pye zaboka ak plizyè pye sitwon kòmanse pouse. Yo grandi. Yo fleri. Yo donnen.

Leson 32

1. Sèke tout mo ki gen rapò ak aktivite agrikilti.

balans rapid tounen souf vid viv
rasin grip desann vit branch

2. Pase yon trè anba non pwòp yo. Aprè sa, sèke non komen yo.

- Okay vil chen Louki
- pwovens Okap chat Milou

3. Ekri *twa* objè ou konnen ki ka vid.

_____ _____ _____

4. Ekri enfòmasyon sou tèks ou te li a.

Tit tèks la : Grenn zaboka ak grenn sitwon

Pèsonaj yo	Ki kote yo ye ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki sa k pase ?	Ki sa yo fè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Imajine pandan w ap mache ou rankontre yon *bèl grenn mayi*. Ekri tout sa grenn mayi a te di ou.

Leson 33

1. Ekri nan kaz la kat non zwazo ou konnen.

toutrèl				

2. Pase yon trè anba non pwòp yo. Aprè sa, sèke non komen yo.

- pwofesè Andre doktè mekanisyen
- anana seriz Matin kachiman

3. Konplete chak fraz ak youn nan mo ki anba yo.

anplwaye teknik rich
lapenn toupatou eksplike

- Gabriyèl ak Odlanj ap kouri _____ nan lakou a.
- Pwofesè a itilize bon jan _____ pou fè elèv yo konprann leson gramè a.
- Janvye travay di anpil. Li vin _____ .
- Agwonòm nan _____ kiltivatè yo fason pou yo plante.

4. Ekri yon tèks sou pati ou te pi renmen nan istwa a. Pou ki sa ?

5. Kopye fraz yo.

Kiltivatè yo suiv tout konsèy Louna yo. Mezanmi !
Twa mwa poko pase, tout jaden rekòmanse donnen.
Lavi tounen nan kominote a.

Leson 34

1. Sèke mo ki *pa gen okenn* rapò ak move tan.

lapli nyaj laboure loray zèklè

2. Pase yon trè anba non pwòp yo. Aprè sa, sèke non komen yo.

- elèv direktè Michlin
- kapital Ayiti komin

3. Reponn kesyon sa yo.

- Ki sa ou ta renmen pwomèt paran ou ?

- Ki sa ou ta renmen pwomèt yon zanmi ou ?

4. Ekri enfòmasyon sou tèks ou te li a.

Tit tèks la : Yon zwazo agwonòm

Pèsonaj yo	Ki kote yo ye ?
_____	_____
_____	_____
_____	_____

Ki sa k pase ?	Ki sa yo fè ?	Kòman sa fini ?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Ou ta renmen fini istwa ou te li a yon lòt jan. Ekri ki jan ou t ap fini istwa a.

Leson 35

1. Sèke mo ki *gen rapò* ak *sa* ki fè yon kominote.

sitwayen katye zeklè fratènite syèl règleman

2. Ekri *twa* non pwòp. Aprè *sa*, ekri *twa* non komen.

non pwòp : _____ _____ _____

non komen : _____ _____ _____

3. Fè yon fraz ak chak mo *sa* yo.

bite sekle

4. Ou pral ekri yon pwezi sou Ayiti. Ekri twa mo ou ta renmen itilize nan pwezi ou la.

5. Ekri pwezi *a*. Itilize *twa* mo ou te chwazi yo.

Leson 36

1. Mo kache. Chèche mo anba yo nan gwo kaz la. Aprè sa, pase yon trè sou chak mo ou jwenn.

piti pitit paran pwoteje

p	m	a	r	l	p	w	e	t	z	b	ch
a	w	o	t	e	l	j	k	p	i	t	i t s
r		p	w	o	t	e	j	e	f	w	o è
a	n	m	o	~~p~~	~~i~~	~~t~~	~~i~~	w	k	d	ò
n	p	a		r	a		t	k	i	b	v ui s

2. Nan chak fraz, pase yon trè anba mo deskriptif yo.

- Sonya se yon fi ki gen kouraj.
- Machandiz sa yo frajil.
- Zèl papiyon an wouj.

3. Ekri mo kontrè a.

Egzèsis : *kontan* : *chagren*

ankouraje : _____ lapenn : _____

rich : _____ vid : _____

4. Ti Kit vole ale lwen kay manman l ak papa l. Ekri yon tèks pou di pou ki sa *ou dakò* oubyen *ou pa dakò* ak Ti Kit.

5. Kopye fraz yo.

Yo te gen yon sèl ti pitit. Yo te rele li Ti Kit. Yo te renmen pitit yo anpil. Yo te toujou la pou prooteje li. Pèlman yo te vle pou Ti Kit toujou rete bò kote yo.

Leson 37

1. Ekri lèt ki manke nan chak mo.

zè_____ v_____ ayaje po_____e

_____ole piwè_____

2. Nan chak fraz, pase yon trè anba mo deskriptif la. Aprè sa, fè yon fraz ak mo deskriptif la.

Madan Sanon se yon moun ki onèt.

Fabi se yon ti fi responsab.

3. Ekri *twa* non zwazo ou konnen.

4. Ekri enfòmasyon ki nan tèks la.

Tit tèks la : Ti Kit blese

Pèsonaj yo

_____

_____

_____

Ki kote yo ye ?

_____

_____

_____

Ki sa k pase ?

_____

_____

_____

Kòman sa fini ?

_____

_____

_____

5. Ekri yon tèks pou ou di sa ou panse ki pral rive Ti Kit.

Leson 38

1. Mo kache. Chèche mo anba yo nan gwo kaz la. Aprè sa, pase yon trè sou chak mo ou jwenn.

blese soufri swen soulaje geri

s	o	u	f	r	i	m	s	o	u	l
w	j	t	s	w	e	n	m	l	y
g	e	r	a	m	z	s	m	r	l
e	l	r	o	l	w	a	n	r	o	j
r	s	o	u	l	a	j	e	m	t	r
i	b	l	e	s	e	m	w	a	s

2. Nan chak fraz, pase yon trè anba mo deskriptif la. Aprè sa, fè yon fraz ak mo deskriptif la.

Cheval Klebè a malen.

Maten an, elèv yo kontan.

3. Ekri nan ki sikonstans ou konn « *pè* ».

4. Daprè tèks la, ekri twa aksyon Ebè fè pou li ka sove Ti Kit.

Aksyon 1	Aksyon 2	Aksyon 3
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

5. Kopye fraz yo.

Sou senk jou, Ebè te demare zèl la. Ti Kit te detire zèl li. Li te pran elan vole sou tèt Ebè. Li te fè yon ti chante pou Ebè, epi li te vole ale.

Leson 39

1. Ekri lèt ki manke nan chak mo.

o_____i_____e _____ont_____n a_____ola_____

2. Fè twa fraz. Yo chak dwe gen yon mo deskriptif.

3. Konplete chak fraz ak youn nan mo anba yo.

blese bandaj kit piwèt tranble ankouraje

- Man Elèn mare jenou li ak yon _____.
- Depi tè a _____, tout timoun dwe kache anba ban an.
- Fanfan _____ dwèt li pandan l ap jwe ak zanmi li yo.
- _____ sa a renmen vole toupatou.

4. Ekri enfòmasyon ki nan tèks la.

Tit tèks la : Ti Kit refè

Pèsonaj yo

_____

_____

_____

Ki kote yo ye ?

_____

_____

_____

Ki sa k pase ?

_____

_____

_____

Ki sa yo fè ?

_____

_____

_____

Kòman sa fini ?

_____

_____

_____

5. Ekri ki sa ou t ap fè Ti Kit si ou te nan plas Ebè.

Leson 40

1. Ou li anpil istwa. Ekri kat mo ou te pi renmen.

2. Itilize kat mo deskriptif pou pale de lekòl ou a.

3. Fè yon fraz ak chak mo sa yo.

monte solèy

4. Fè yon desen ki gen rapò ak pwezi ou te li.

5. Ekri yon pwezi sou yon bèt ou renmen anpil.

Leson 41

1. Ekri mo ki gen :

de silab : _____

twa silab : _____

kat silab : _____

2. Sèke tout mo ki dwe gen lèt majiskil.

mwen rele jowèl simon. mwen gen dizan. mwen fèt nan vil jeremi. peyi mwen se ayiti. m ap viv ak paran mwen. mwen gen de sè. youn rele jozi, lòt la rele islann. mwen renmen fanmi mwen anpil.

3. Imajine ou gen yon magazen. Ekri tout sa ou t ap vann nan epòk nwèl la.

4. Daprè tèks ou te li a, ekri jan ou t ap fini istwa a nan fason pa w.

Leson 42

1. Ekri mo ki gen prefiks *sa* yo.

re : _____ de : _____

mal : _____

2. Fè yon fraz ki gen yon pwen.

Fè yon fraz ki gen yon pwen esklamasyon.

Fè yon fraz ki gen yon pwen entèwogasyon.

3. Desine jan ou ta renmen *abdenwèl* pa w la ye.

4. Ekri *sa* ou konn fè lè epòk nwèl.

Leson 43

1. Ekri mo ki gen sifiks *sa* yo.

nen : _____ man : _____

e : _____

2. Ranje mo yo pou nou fòme yon fraz ki gen sans.

- jwe Emi pidetwal *ap* Woni *ak*
- oubyen sirèt *ka* *achte* Janlik bonbon

3. Fè yon fraz *ak* chak mo *sa* yo.

reveyon pidetwal

4. Ekri yon tèks sou jan ou ta renmen òganize reveyon pa w la.

Leson 44

1. Mete silab yo nan lòd pou fòme mo.

yon re ve : _____ twal pi de : _____

pòk e : _____ ab nwèl de : _____

2. Mete non pwòp yo nan kaz pa yo. Ekri non pwòp an lèt majiskil. Aprè sa, mete non komen yo nan kaz pa yo.

machin ayiti edi zetrenn fete

okap medò reveyon pidetwal

Non pwòp	Non komen

3. Ekri *twa* zetrenn ou ta renmen resevwa pou nwèl la.

4. Ekri yon tèks sou sa ou konn abitye fè lè premye janvye.

Leson 45

1. Ekri twa mo ki gen rapò ak nwèl.

_____ _____ _____

2. Fè yon fraz ak chak mo deskriptif sa yo.

djanm kontan enteresan

3. Fè yon fraz ki gen mo swete ladan l.

swete : _____

4. Ekri yon pwezi pou di manman w ak papa w Bòn Ane.

Leson 46 Evalyason 1

1. Li fraz yo epi mete yon pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan fen yo.

- Ki jwèt ou pi renmen
- Nadin renmen jwe marèl
- Pou ki sa ou mete chapo sa a

---

2. Kesyon sou tèks la.

A. Souliye bon repons la.

a) Tèks sa a se yon :

Pwezi Tèks ki bay enfòmasyon Tèks ki rakonte yon istwa

b) Daprè istwa a :

Delita t ap ale lave Delita te santi li kontrarye

Delita t ap ale nan mache

B. Nan tèks la, gen yon fraz ki di ki jan Sandra ye. Chèche fraz la apre sa ekri li.

Ch. Gen yon fraz nan tèks la ki di nan ki moman nan jounen an istwa a pase. Ekri fraz la.

---

3. Konplete fraz sa yo.

- Yon tèks naratif se yon tèks ki _____ yon istwa.
- Nan fen yon fraz kesyon, nou dwe mete yon pwen _____.
- Yon fraz ki montre yon moun sezi dwe fini ak yon pwen _____.

4. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Madyòk Sandra chapo Delita Van kòlè

1. _____ pran chapo a nan tèt _____.
2. Tèt _____ chaje ak _____.
3. _____ remèsye _____ pou bonte li.
4. _____ di _____ ou pa bezwen fè _____.

5. Ou ta renmen konseye yon zanmi w aprann ede moun ki nan difikilte. Ekri kèk konsèy ou ka ba li.

Leson 47 Evalyason 2

1. Kesyon sou tèks la.

A. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

- Tèks naratif
- Tèks enfòmatif
- Pwezi
- Lèt
- Byografi

B. Chèche yon fraz kesyon nan tèks la apre sa ekri li sou liy anba a.

2. Konplete fraz sa yo.

- Yon fraz toujou kòmanse ak yon lèt _____ epi li fini ak yon _____.
- Yon non _____ toujou kòmanse ak yon lèt miniskil.
- Yon non _____ toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.

3. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

mikwòb mikroskòp pwòp maladi

1. Doktè a ap gade _____ yo nan yon _____.
2. Dlo sa a chaje ak _____.
3. Dlo klè pa dlo _____ anpil fwa li chaje ak _____ ki bay _____.

4. Ranje mo yo nan lòd pou fòme yon fraz ki gen sans. Ekri fraz yo sou liy kaye a.

a) ap nan la Dalin bibliyotèk li

_____

b) jou yo Elèv etidye chak

_____

5. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup sijè a. Aprè sa, pase de trè anba gwoup predika a.

a) Sara ale nan fèt drapo.

b) Elèv yo ap fè lago.

6. Ekri 2 fraz pou di ki prekosyon yon moun ka pran pou li pa pran mikwòb.

1. _____
2. _____

Leson 48 Evalyason 3

1. Kesyon sou tèks la.

A. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

- Tèks naratif
- Tèks enfòmatif
- Pwezi
- Lèt
- Byografi

B. Chèche yon fraz kesyon nan tèks la apre sa ekri li sou liy anba a.

2. Antoure konjonksyon an nan chak fraz.

- Jinou ka jwe foutbòl oubyen li ka sote kòd.
- Chak samdi, Samson kouri oubyen li naje.

3. Konplete fraz sa yo.

- Yon mo _____ di ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
- Yon _____ se yon gwoup mo ki byen ranje epi ki gen yon sans.
- Yon non _____ toujou kòmanse ak yon lèt majiskil.

4. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Pè Rafayèl admire pye mango baton

1. _____ toujou mache ak _____ li.

2.Gabi keyi _____ pou _____.

3. Yon branch bwa kase anba _____ Gabi.

5. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch (A) rive nan kolòn adwat (B) pou fòme mo.

A	B
re.	• reyèl
mal.	• onèt
byen.	• pare
i.	

6. Pami prefiks sa yo, gen twa ladan l ou ka mete devan mo poze pou fòme lòt mo. Sèke yo epi ekri yo chak nan yon kaz.

re an vis en i dis



7. Sèke nan tèks la tout fraz ki endike gen yon « obstak ».

Yon chofè kamyonèt leve bonè pou l al travay. Sou wout la, li rankontre yon pakèt kabrit k ap travèsè lari. Li kanpe. Kabrit yo fin pase. Li kontinye wout li. Woy ! Gade yon gwo wòch nan mitan lari. Li ralanti nèt pou li ka evite wòch la. Aprè sa, li remake yon gwoup elèv k ap travèse lari a. Li kanpe. Li bay tout pase. Chofè a te rankontre anpil obstak jou sa a.

Leson 49 Evalyason 4

1. Li fraz yo apre sa mete yon pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan fen yo.

- Marie Curie t ap viv an Polòy
- Pou ki sa li bon pou nou aprann li
- Èske ou konn fè foto

---

2. Kesyon sou tèks la.

A. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

- Pwezi
- Tèks enfòmatif
- Tèks naratif
- Byografi
- Lèt

B. Nan tèks la, gen yon fraz ki pale de yon pwoblèm papa « Marie Curie » te rankontre. Ekri fraz la sou liy anba a.

---

3. Pase yon trè anba tout sa ki ka grandi.

- Wòch ka grandi.
- Moun ka grandi.
- Soulye ka grandi.
- Pyebwa ka grandi.
- Syèl la ka grandi.

4. Konplete fraz sa yo

- Yon _____ se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun.
- Nan fen yon fraz kesyon, nou dwe mete yon pwen_____.
- Yon fraz ki montre yon moun sezi dwe fini ak yon pwen _____.

5. Chwazi mo ki kòrèk pami mo sa yo pou konplete chak fraz.

Marie Curie Radium Polòy Papa Lafrans

- _____ te dekouvri yon metal ki rele _____.
- _____ se peyi Marie Curie.
- Marie Curie te ale etidye _____.
- Afè _____ a te vin pa bon.

Leson 50 Evalyason 5

1. Kesyon sou tèks la.

A. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

- Tèks naratif
- Tèks enfòmatif
- Pwezi
- Lèt
- Byografi

B. Chèche yon fraz eksklamatif nan tèks la apre sa ekri li.

2. Konplete fraz sa yo

- Yon _____ se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt _____.
- Yon _____ se yon mo ki sèvi pou relye _____ lide nan yon fraz.
- _____ yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.

3. Itilize konjonksyon yo pou konplete chak fraz. Fraz la dwe gen sans.

kidonk men epi oubyen

- Gen espò ki devlope mis kò moun _____ gen lòt ki devlope entèlijans moun.
- Kloye renmen jwe foutbòl _____ li pa renmen jwe ti ta to.
- Lèswa, Dani tire kont ak zanmi li yo _____ li fè lekti.
- Espò bon pou sante nou, _____ an nou fè espò toutan.

4. Pami mo sa yo, gen de nan yo ki ka gen prefiks « dis ». Sèke mo yo. Aprè sa, ekri yo chak nan yon kaz.

deplase poze klase soufle fòme parèt [ ] [ ]

5. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup sijè a. Aprè sa, pase de trè anba gwoup predika a.

- Sara ale nan fèt drapo.
- Elèv yo ap fè lago.

6. Ou gen yon zanmi w ki gen yon matyè li pa konprann. Ekri li yon lèt pou ou esplike li yon fason pou li rezoud pwoblèm sa a.

Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014